

• •

## CHAPIT 20

# Egzamen basen an: ki jan pou egzamine vajen ak matris yon fi

Nan chapit sa a:

<b>Ki lè pou w fè yon egzamen basen.....</b>	<b>374</b>
Ki jan pou fè yon egzamen basen san danje .....	374
<b>Anvan egzamen an.....</b>	<b>375</b>
Ede fi a rilaks .....	375
Poze fī a kesyon sou pase li .....	375
<b>Egzamen vizyèl la .....</b>	<b>376</b>
<b>Egzamen espekilòm nan.....</b>	<b>377</b>
Egzamen pou kansè nan kòl matris....	379
Tès vinèg pou detekte kansè oubyen chè ki ka tounen kansè .....	380
Tès Pap pou detekte kansè oubyen chè ki ka tounen kansè .....	381
Kansè nan kòl matris.....	383a
Tretman kriyoterapi ki anpeche kansè nan kòl matris la .....	383a
Ki jan pou fè kriyoterapi .....	383b
<b>Egzamen 2 men an .....</b>	<b>385</b>

# EGZAMEN BASEN AN:

KI JAN POU EGZAMINE

VAJEN AK MATRIS YON FI


CHAPIT

20

Yon egzamen basen se yon fason pou konnen sa k ap pase anndan vajen ak matris yon fi.

Lè w fè yon egzamen basen, sa ka pèmèt ou aprann:

- Si fi a ansent, epi depi konbyen semèn li ansent.
- Si l gen yon enfeksyon nan matris li oswa nan vajen l.
- Si l ka gen kansè nan kòl matris la oswa nan matris la.



Ou gendwa fè yon egzamen basen tou pou w mete yon esterilè (gade Chapit 21) oswa pou w fè yon kitaj (gade Chapit 23).

Li pa difisil pou aprann fè egzamen sa a, e avèk pratik, pifò moun ka fè l.

Gen yon lòt egzamen ki ka montre si kòl matris fi a ap ouvri pandan akouchman an. Chapit sa a pa esplike ki jan pou fè egzamen sa a. Gade paj 339 pou w aprann plis sou sa.

**Note sa:** Gen kote se doktè sèlman ki fè egzamen basen, se pa fanmsaj. Men, ou pa bezwen pè eseye. Avèk fòmasyon ak pratik, fanmsaj ka aprann ni sa a, ni lòt teknik. Lè yon fanmsaj aprann fè egzamen basen, li ka ede medam yo rete an sante pandan tout vi yo, pa sèlman lè yo ansent oswa lè y ap akouche.

## Yon egzamen basen gen 3 pati

1. **Egzamen vizyèl** la se yon fason pou w chèche nenpòt siy enfeksyon ki pa deyò pati jenital fi a (paj 376).
2. **Egzamen espekilòm** nan se yon fason pou wè anndan vajen fi a epi pou w wè kondisyon sante kòl matris la. Ou utilize yon aparèy ki rele espekilòm pou w fè egzamen espekilòm nan (paj 377).
3. **Egzamen 2 men** an se yon fason pou verifye sante matris la avèk ovè yo oswa pou verifye gwosè matris la pandan gwosès. Pou w fè yon egzamen 2 men, ou touche matris la avèk dwèt yon men ki anndan vajen an, epi anmenmtan lòt men an sou vant li (paj 384).

Ou pa toujou oblige fè toulè 3 pati nan egzamen an.

## Ki lè pou w fè yon egzamen basen

Yon egzamen basen ka fèt san danje e l ap itil lè sa yo:

- Fi a vle konnen kondisyon sante kòl matris li, sante matris li, ak sante ovè l yo. Asireman, ou dwe fè egzamen sa si fi a gen siy enfeksyon oswa siy kansè. Men, yon fi gendwa gen enfeksyon oswa kansè nan kòl matris li oswa nan matris li san l pa montre okenn siy. Kidonk, si sa posib, medam yo ta dwe fè egzamen sa chak detwazan, menmsi yo pa gen siy ki endike yo gen yon pwoblèm.
- Fi a ansent epi ou bezwen konnen depi konbyen tan li ansent.
- Fi a bezwen mete yon esterilè (gade Chapit 21).
- Fi a gen pwoblèm apre yon foskouch oswa yon avòtman (gade Chapit 22), epi li bezwen yon kitaj (gade Chapit 23).



### ATANSYON! Li danjere pou w fè yon egzamen basen lè sa yo:

- Fi a gen tranche. Li pa nesesè pou w fè yon egzamen vizyèl, yon egzamen espekilòm, oswa yon egzamen 2 men lè yon fi gen tranche. Si w oblige verifye kòl matris li pou w wè si l ap ouvri, gade paj 339.
- Fi a pase likid. Si fi a ansent epi li pase likid, egzamen sa ka simaye enfeksyon nan matris li.
- Fi a rive nan fen gwosès la epi l ap bay san nan vajen. Si l ap bay san nan vajen nan fen gwosès la, gendwa se plasenta a ki twò ba (gade paj 112). Pa fè egzamen basen, sinon ou ka fè l senyen pi rèd.
- Fi a gen kèk semèn sèlman depi l te akouche.

## KI JAN POU FÈ YON EGZAMEN BASEN SAN DANJE

Jeneralman, yon egzamen basen pa gen danje, men li ka gen risk. Lè w ap fè yon egzamen basen, fòk ou asire w ou pa mete okenn mikwòb nan vajen fi a. Lè w ap fè yon egzamen basen, men sa pou w fè:

- Toujou byen lave men w ni anvan, ni apre egzamen an (gade paj 53).
- Toujou mete gan plastik ki trè pwòp oswa ki esterilize (gade paj 54).
- Toujou sèvi avèk zouti ki pwòp.

Si w pa ka lave men w oswa mete gan, l ap twò danjere pou w fè egzamen an.



Ka gen lòt fason pou w jwenn enfòmasyon sou eta sante yon fi si w pa ka fè yon egzamen basen san danje, oswa si w pa konnen ki jan pou w fè yon egzamen basen, oswa si fi a pa vle fè yon egzamen basen.

Pa egzanp, pou w ka konnen si yon fi fè enfeksyon nan matris, mande l si l gen kèk siy enfeksyon (gade paj 325) epi pran tanperati li. Epitou, ou ka eseye peze vant li, yon ti jan pi wo pase zo basen an. Si l gen enfeksyon nan matris, kote sa ap fè l mal anpil. Sa yo se fason ki san danje pou w wè si yon fi gen enfeksyon paske w pa oblige mete dwèt ou anandan vajen fi a.

## Anvan egzamen an

### EDE FI A RILAKS

Egzamen basen an pi fasil e pi konfòtab lè fi a mete l alèz epi li pa pè.

Esplike sa w ap fè e poukisa w ap fè l. Di fi a pou l rale gwo souf epi pou l lache kò l. Fè egzamen an dousman, epi sispann si w fè l mal. Si fi a an sante, egzamen an pa dwe fè l mal. Si l fè l mal, sa ka vle di li gen enfeksyon oswa ou dwe pran plis prekosyon.

### Kè sote

Gen fi ki pè fè egzamen basen, tankou fi ki potko janm fè l, ak fi ki te fè egzamen ki te fè yo mal.

Fi ki te sibi abi seksyèl oswa abi fizik gen plis chans pou yo gen pwoblèm avèk yon egzamen basen. Gen moun ki te conn manyen medam sa yo kote yo pa t vle yo manyen yo, nan yon lè yo pa t vle. Kèlkeswa fi ou avè l la, men sitou fi ki te sibi abi, mande yo anvan w touche yo.

### Lawont

Lè w fè yon egzamen basen, w ap egzamine pati jenital ak vajen fi a. Gen anpil fi ki jennen oswa yo wont pati sa yo nan kò yo. Yo ka pa vle pale de yo, gade yo, oswa kite lòt moun gade yo.

Sa yo se pati ki enpòtan anpil nan kò yon fi. Lè w ap fè yon egzamen basen, ankouraje fi a pou l poze kesyon, epi esplike l pati sa yo an sante epi yo nòmal. Petèt ou pap ka elimine lawont fi a, men ou ka diminye l.

### POZE FI A KESYON SOU PASE LI

Anvan w fè yon egzamen basen, mande fi a ki dènye fwa li te gen règ li, si l ansent, epi èske l gen nenpòt siy enfeksyon nan vajen l oswa nan matris li. Chapit 7 sijere lòt kesyon ou ka poze yon fi sou pase li nan domèn sante a.

Anplis, esplike fi a sa w pral fè pandan egzamen basen an epi reponn nenpòt kesyon li genyen.

Fè m konnen si w santi w deranje oswa si w gen kè sote epi m ap kanpe egzamen an.

Dakò.




## Egzamen Basen an


### Anvan w kòmanse:

- Asire w nou yon kote ki prive.
- Prepare tout zouti w ap bezwen pou egzamen an:

Espekilòm ki pwòp  
oswa ki esterilize



Gan plastik ki pwòp  
oswa ki esterilize.




Limvè



Miwa



Twal pwòp pou  
siye apre  
egzamen an.



Espekilòm nan ak gan yo dwe esterilize si w ap fè yon egzamen basen, si w ap mete yon esterilè, oswa si w ap fè yon kitaj. Sinon, yon espekilòm ki trè pwòp ka sifi.


- Mande fi a pou l pipi anvan. Sa ap pèmèt li pi alèz pandan egzamen an.
- Mande fi a pou l retire pantalon l oswa pou l monte jip li. Si l vle yon bagay pou l kouvri janm li, ba l yon dra oswa yon twal.
- Mande l kouche sou do avèkjenou l sou anwo epi dèyè l nan pwent tab la oswa pwent kabann nan.
  - Lave men w avèk dlo pwòp ak savon. Zong ou yo dwe kout epi pwòp.
  - Mete gan plastik ki pwòp nan men w.



## EGZAMEN VIZYÈL LA

Po ki sou patijenital la dwe swa e an sante. Patijenital la dwe pwòp, men li nòmal pou gen yon ti ekoulman ki klè oswa ki blanch k ap soti nan ouvèti vajen an.

Gade si gen boul, kote ki anfle, ekoulman ki pa nòmal, maleng, oswa sikatris nan patijenital la. Pafwa w ka santi




Maleng nan pati  
jenital ka yon siy  
enfeksyon.

boul ak men w san  
w pa ka wè yo.

Boul oswa maleng kapab se siy enfeksyon oswa blese. (Gade Chapit 18 pou w aprann plis konsènan enfeksyon nan patijenital yo.)

### Patijenital ki an sante



## EGZAMEN ESPEKILÒM NAN


Yon espekilòm se yon aparèy ki pèmèt ou gade anndan vajen yon fi. Espekilòm nan kenbe vajen an ouvri. Lè l nan bon pozisyon, w ap ka wè kòl matris la, w ap ka fè tès pou enfeksyon oswa pou kansè, w ap ka mete yon esterilè, oswa w ap ka vide matris la.

Fè pratik ouvri e fèmen yon espekilòm plizyè fwa anvan w sèvi avè l pou w fè yon egzamen, konsa w ap ka alèz avèk jan l fonksyone a.



Gen fanmsaj ki kite fi a gade espekilòm nan anvan yo fè egzamen an. Sa ka ede fi a konprann egzamen an.

1. Ede fi a rilaks lè w touche pye l, lè w mande l pou l respire, epi lè w fè tout bagay avèk dousè epi dousman. Fè l sonje pou l di w si espekilòm nan fè l mal, epi se pou w kanpe

egzamen an si l fè l mal.



2. Chofe espekilòm nan ak dlo cho oswa kenbe l nan men w ki gen gan ladan l.
3. Mande fi a si l pare pou w kòmanse. Lè l pare, ouvri lèv vajen an jantiman avèk yon men pou w ka wè ouvèti vajen an. Asire w ou esplike l tout sa w ap fè pandan w ap fè l la.
4. Kenbe espekilòm nan avèk lòt men an. Vire manch lan sou yon bò, epi glise pwent lan antre tou fèmen anndan vajen an. Si w fè l avèk dousè, pwent lan ap glise desann anndan vajen an san l pa fè fi a mal.




Yon espekilòm ki pi piti ka pi bon pou jèn fanm, fi ki pokò janm fè sèks, ak fi ki pi gran ki nan menopòz oubyen ki pa fè sèks regilyèman, oswa fi ki te sikonsi (gade paj 367). Yon espekilòm ki pi gwo ka pi bon pou fi ki fè plizyè pitit.

Pandan w ap antre espekilòm nan, vire l pou manch lan anba. Fè anpil atansyon pou w pa rale ni po l ni plim li. Pouse espekilòm nan anndan nèt byen jantiman. Manch lan dwe poze sou po ki ant vajen an ak twou dèyè a.




**Note sa:** Si yon fi kouche sou yon kabann oswa sou yon tab plat epi pa gen plas pou manch espekilòm nan lè 1 anba, ou ka mete 1 avèk manch lan sou anwo.




- Ouvri pwent espekilòm nan lè w pouse kote pou mete pouz ou a dousman avèk pouz ou. Lè w wè kòl matris la nan mitan 2 pwent espekilòm yo, vise boulon ki kote w mete pouz ou a pou espekilòm nan ka ret ouvri.

Si w ouvri espekilòm nan men w pa wè kòl matris la, fèmen espekilòm nan epi retire 1 enpe. Eseye ankò, refè etap nimewo 4 la. Petèt kòl matris la yon ti jan sou yon bò. Sa nòmal. Pafwa kòl matris la ka parèt pi byen si fi a touse oswa li pouse sou anba tankou lè l ap poupou pandan espekilòm nan ouvri anndan l.



Jeneralman kòl matris la gwosè sa a.



Kòl matris (bouch matris la)

- Gade kòl matris la, li ta dwe lis e woz, oswa, si fi a ansent, li ka yon ti jan ble.


Jeneralman, li nòmal pou kòl matris la gen ti boul piti ki lis, men maleng oswa veri se siy enfeksyon.

Veye si gen dlo oswa san k ap soti nan kòl matris la. Jeneralman, se pa yon pwoblèm si l ap bay dlo ki likid, ki blanch, oswa ki klè. Lè dlo a gen koulè vèt, jòn, oswa gri, lè l gen boul, oswa lè l gen move sant, sa yo se siy enfeksyon.



- Si yon fi vle gade kòl matris li a, ou ka kenbe yon miwa devan l pou li avèk yon limyè pou l ka wè l. Se yon okazyon pou fi a aprann plis bagay sou pwòp kò l.
- Verifye si kòl matris la gen siy kansè lè w fè swa tès vinèg la, swa tès Pap la (gade paj ki vin apre a).

9. Lè w ap retire espekilòm nan, rale l vin sou ou toupiti jiskaske pwent lan soti sou kòl matris la. Lache boulon an kote w te mete pouso ou a epi kite pwent yo fèmen dousman pandan w ap rale espekilòm nan sou anba pou l soti nan vajen an. Distans pou w fin rale l soti, pwent yo ta dwe gentan fèmen nèt.
10. Bay fi a yon moso twal oswa papye ijyenik ki pwòp pou l siye nenpòt dlo ki soti nan vajen l.
11. Asire w ou byen netwaye espekilòm nan apre w fin sèvi avè l.



### Egzamen pou kansè nan kòl matris


Youn nan rezon enpòtan pou w fè yon egzamen espekilòm se pou w ka verifye sante kòl matris la. Ou ka fè tès pou wè si kòl matris la gen siy HPV oswa kansè. Fi ki te fè egzamen ki nòmal ka fè tès chak 3 an oswa lè yo gen randevou pandan yo ansent. Si egzamen yo te montre yon bagay ki pa nòmal, yo dwe fè tès pi souvan. Fi ki gen siy maladi dwe teste tousuit.

Kansè nan kòl matris ka trete si yo wè siy kansè a bonè. Gen 2 kalite tès pou detekte chè ki pa nòmal sou kòl matris la. Lè gen chè ki pa nòmal, sa pa oblige vle di se kansè, men li ka vin tounen kansè apre. Ou ka ede medam yo evite kansè lè w fè egzamen pou detekte yo, epi w ede yo chèche tretman tousuit si sa nesesè.

Ou pa bezwen fè toude tès yo. Chwazi tès ou ka fè pi fasil nan zòn pa w la.

#### Tès vinèg

Tès vinèg la fèt byen fasil, li pa koute chè, epi ou pa bezwen yon laboratwa pou w konnen rezulta a. Si yon fi gen chè ki pa nòmal sou kòl matris li, tès vinèg la ka fè l vin blanch. Pati blanch sa yo kapab kansè, yo ka vin tounen kansè pi devan, oswa yo ka yon lòt kalite pwoblèm.



#### Tès Pap

Tès Pap la chèche chè ki pa nòmal tou, men li koute pi chè e w bezwen yon laboratwa. W ap oblige tann 2 a 3 semèn pou w jwenn rezulta yo. Men, tès Pap la ka di w si chè ki pa nòmal la se kansè, si l pral vin tounen kansè pi devan, oswa si l pa kansè ditou.

Si tès vinèg la montre kote ki blanch oswa si tès Pap la montre gen kote sou kòl matris la ki ka vin tounen kansè pi devan, li pi bon pou yo retire chè ki pa nòmal yo avèk yon tretman ki rele kriyoterapi (gade paj 383). Si tès Pap la montre gen kansè, oubyen tou si tès vinèg la montre yon pati chè ki pa nòmal ki twò gwo pou trete avèk kriyoterapi, fi a bezwen asistans medikal rapid rapid. Lè yo jwenn kansè epi yo trete l anvan l gentan pwopaje nan rès kò a, li ka geri.

Ou ka fè egzamen sa yo pou fi a nenpòt lè, menmsi l gen règ li oswa l ansent. Li pa twò bon pou w fè tès Pap la pandan fi a gen règ li paske san an ka fè tès la pa twò klè. Men, pito w fè tès la pandan fi a gen règ li olye pou w pa fè l ditou. Si fi a gen règ li, itilize yon tanpon long pou w siye san ki sou kòl matris la avèk dousè anvan w fè tès la.

## Tès vinèg pou detekte kansè oubyen chè ki ka tounen kansè


Tès vinèg la se yon fason trè senp pou verifye si fi a gen chè ki pa nòmal sou kòl matris li. Chè ki pa nòmal gendwa se yon siy ki endike li gen kansè oubyen li pral tounen kansè pi devan.



1. Mete yon espekilòm nan vajen an epi gade kòl matris la.
2. Kenbe yon moso twal gaz ki esterilize nan yon pens long. Ou ka menm sèvi avèk yon tanpon ki long, si se sa w genyen.
3. Tranpe twal gaz la nan vinèg blan òdinè (nenpòt vinèg ap bon, depi 1 gen 4% a 5% asid asetik) epi mouye kòl matris la avèk vinèg la. Retire twal gaz la. Vinèg la pa dwe boule kòl matris la men li ka pike 1 toupiti.
4. Tann yon minit (60 segonn). Si gen chè ki pa nòmal, w ap wè tach blanch sou kòl matris la.

Si gen tach blanch sou kòl matris la, fi a bezwen tretman san pèdi tan. Si pati blanch yo pa twò gwo, yo ka jele yo epi retire yo pou anpeche kansè (gade paj 383b). Fi a gendwa fè plis egzamen tou pou konnen si l gen kansè sou kòl matris la oubyen si sa ki sou kòl matris la pral vin tounen kansè pi devan.

Ou ka sove vi fi a lè w ede l jwenn egzamen ak tretman bonè.



## HPV epi kansè nan kòl matris la

Gen anpil moun ki enfekte avèk yon virus moun pran nan fè sèks ki rele HPV (“Human Papilloma Virus”). Medam yo pran HPV lè yo fè sèks ak yon moun ki deja genyen l. Gen kalite HPV ki bay veri nan pati jenital la (gade paj 333). Gen lòt kalite HPV ki pi danjere ki lakòz kansè nan kòl matris la. Pifò moun ki gen HPV pa gen veri nan pati jenital, ni yo pa gen okenn lòt siy vizib ki montre yo gen virus la. Si yon fi gen youn nan kalite HPV ki danjere yo pandan yon bon bout tan, li ka ba l kansè nan kòl matris la.

Ou ka fè yon tès pou konnen si fi a gen kalite HPV ki lakòz kansè nan kòl matris la. Tès la fèt menm jan ak tès Pap la (gade paj ki vin apre a), e li gendwa chè. Ou bezwen voye yon lam vit ki gen yon moso chè sou li bay yon laboratwa, apre sa pou w tann 2 a 3 semèn pou w jwenn rezulta a. Si tès la pozitif, sa pa oblige vle di fi a gen kansè. Lap toujou bezwen yon tès vinèg oswa yon tès Pap pou konnen si HPV a fè l gen chè ki pa nòmal sou kòl matris la.

## Tès Pap pou detekte kansè oubyen chè ki ka tounen kansè

Pou tès Pap la, w ap grate yon ti moso chè touputi nan po kòl matris la ak vajen an, epi mete l sou yon ti moso lam vit. Pou fè yon tès Pap, fòk gen yon laboratwa. Nan laboratwa a, moun ki fòme pou sa gade ti moso chè a nan yon mikwoskòp pou konnen si l an sante oubyen non.

Anvan tès la, prepare materyèl sa yo met la:

Espatil



Tanpon long oswa yon kitobwòs




Lam vit




Fiksatè (alkòl)




1. Mete espekilòm nan nan vajen fi a.
2. Mete pwent espatil ki gen 2 tèt la sou kòl matris la epi woule l ant pouz ou ak dwèt endèks ou a.  
Pandan w ap woule espatil la, avèk dousè, grate yon ti moso chè tou fen soti nan kòl matris la. Sa pa dwe fè fi a mal, men pafwa li ka fè l malalèz. Li nòmal pou kòl matris la bay yon ti san.
3. Siye espatil la sou pwent lam vit la.



4. Mete lòt pwent espatil la anba kòl matris la kote li kontre ak vajen an. Avèk dousè, fè yon sèl grate ale sou kote.




5. Siye espatil la nan mitan lam vit la, bò kote premye sa w te siye a.



6. Mete pwent tanpon an oswa kitobwòs la distans apeprè yon santimèt anndan antre bouch kòl matris la. Avèk dousè, woule l yon sèk ann antye. Sa ka fè fi a malalèz, men li pa danjere.

7. Siye tanpon an bò pwent lam vit ki potko sèvi a, bò kote dezyèm kote w te siye a.



**8. Mete yon fiksatè sou lam vit la.**

Gen plizyè kalite fiksatè disponib, men sa ki mwens chè a se alkòl medikal (“95% ethyl alcohol”). Vide enpe alkòl medikal nan yon ti bokal epi tranpe lam vit la nan bokal alkòl la tousuit apre w fin pase tanpon an sou lam nan. Ou dwe fè l vit, anvan chè ki sou lam vit la gentan seche. Kite lam vit la rete nan alkòl la pandan kèk minit, apre sa kite lam vit la seche nan lè. Si w pa gen alkòl medikal, ou ka flite lam nan avèk sprèy ki fèt pou cheve.

Ou dwe mete fiksatè (alkòl) sou lam vit la sinon ti kouch chè tou fen ki sou ti moso lam vit la ap gaye oubyen y ap soti epi lè sa rezulta a pap egzak.

**9. Pote lam vit la nan yon laboratwa ki ka fè egzamen tès Pap (se pa tout laboratwa ki kapab). Pote l ale nan mwens ke yon semèn apre w fin fè tès la.**



● **Note sa:** Di fi a li nòmal pou vajen l bay yon ti san apre tès Pap la.

## KANSÈ NAN KÒL MATRIS

Kansè nan kòl matris konn touye moun, men, si yo trete l bonè, jeneralman yo ka elimine l. Tretman an fasil lè maladi a fèk kòmanse. Yon pwofesyonèl lasante ki fòme pou sa ka jele e detwi chè ki pa nòmal yo (gade paj ki vin apre a). Si kansè a gentan pi avanse, yon doktè oswa yon enfimyè ki fòme pou sa, ki nan yon sant medikal, ka retire oswa detwi pati ki malad nan kòl matris la. Jeneralman, apre tretman an fi a ap santi l fè mye. Men, gen plizyè santèn milye fi ki mouri chak ane akoz kansè sa a paske yo pa t chèche tretman.


### **Poukisa tout medam sa yo mourir si yo ka evite maladi a epi li ka trete fasil?**

- Zòn ki pòv pa gen mwayen pou yo fòme pwofesyonèl medikal yo pou yo fè egzamen pou kansè ak HPV oswa pou yo fè yo jwenn tretman yo bezwen an.
- Fi ki andeyò ak fi ki pòv gendwa pa ka vwayaje lwen pou al nan sant medikal kote yo fè tès ak tretman.
- Gen fi ak gason ki pa konnen si yo ka evite kansè kòl matris lè yo pwoteje tèt yo kont HPV. Pa egzanp, mete kapòt ka anpeche ni fi ni gason trape HPV.
- Gen fi ki pa ka pwoteje tèt yo kont HPV paske yo pa ka jwenn kapòt. Gen lòt fi ki pa ka pwoteje tèt yo paske moun fòse yo fè sèks oswa yo fòse yo fè l san pwoteksyon. Gen koup ki pa renmen itilize kapòt.

### **Tretman kriyoterapi ki anpeche kansè nan kòl matris la**

Kriyoterapi se yon tretman ki jele (fè tounen glas) nenpòt chè ki pa nòmal ki sou kòl matris yon fi, yon fason pou yo pa vin tounen kansè. Kriyoterapi itilize yon zouti ki rele kriyopwòb ansanm ak diyoksid kabòn oswa gaz oksid netre pou jele sifas kòl matris la. Lè yo jele yo, sa detwi chè ki pa nòmal yo.

Yo konn itilize kriyoterapi lè yon fi fè yon tès vinèg ki pozitif (gade paj 380) oswa yon tès Pap ki pozitif (gade paj 381).



Tès vinèg ki negatif (pa gen tach blanch)



Tès vinèg ki pozitif (gen tach blanch)




Apre kriyoterapi a, kòl matris la tounen nòmal ankò (pa gen tach blanch)

Kriyoterapi pa gen danje, e li deja sove lavi plizyè milye fanm. Li pa fè yo mal, men gen kèk medam ki di yo gen ti lakranc menm jan ak lè yo gen règ yo, epi gen lòt ki di yo santi fredi nan vajen yo. Kriyoterapi pap afekte kapasite yon fi genyen pou l fè sèks ni pou l fè pitit, byenke yon fi dwe tann 4 semèn apre kriyoterapi a anvan l fè sèks.

#### **Yon fi PA dwe fè kriyoterapi si l ranpli youn nan kondisyon sa yo:**

- Li ansent. Pito li tann 12 mwa apre li fin akouche pou l fè kriyoterapi a.
- Li gen maladi enfeksyon nan basen. Yonfwa enfeksyon nan basen an fin trete, li ka fè kriyoterapi a.
- Li gen règ li e règ la vini fò. Anpil san ka fè l difisil pou yo wè tach blanch yo sou kòl matris la lè yo fè tès vinèg la. Li dwe tann jiskaske san an diminye oswa fini anvan l fè kriyoterapi a.

Kriyopwòb la branche nan yon tank gaz ki fè frèt anpil. Yo mete tib kriyopwòb la anndan vajen an, epi yo peze pwent lan sou kòl matris la. Gaz la fè pwent kriyopwòb la frèt anpil, e konsa li jele zòn kote l kole a; se sa k detwi chè ki pa nòmal yo. Yo fè sa 2 fwa, dezyèm tretman an fèt 5 minit apre premye tretman an.



#### **Ki jan pou fè kriyoterapi**

1. Mete yon espekilòm anndan vajen an epi fè tès vinèg la (gade paj 380). Tès vinèg la pral pèmèt ou wè nenpòt chè ki pa nòmal yo kòm tach blanch. Verifye 2 bagay sa yo:
  - **Tach blanch lan pa twò gwo.** Fòk tach blanch lan pa rive plis ke 2 milimèt pi lwen pase kote pwent kriyopwòb la touche a. (2 milimèt se apeprè lajè yon grenn diri.)
  - **Tach blanch lan pa rive anndan kòl matris la.**




Si youn nan bagay sa yo rive, kriyoterapi a pap mache. Fi a ap bezwen yon lòt kalite tretman; li dwe al lopital.

2. Mete tib kriyopwòb la anndan vajen an, epi mete pwent lan nan mitan kòl matris la. Fè atansyon pou w pa kite kriyopwòb la touche bò vajen yo. Sa gendwa jele chè vajen an, e sa ta ka domaje l.


**Note sa:** Si w pa ka antre kriyopwòb la san l pa touche ak bò vajen an, retire espekilòm nan, koupe yon ti twou nan pwent yon kapòt, epi mete l sou espekilòm nan. Apre sa, remete espekilòm nan ankò. Sa ap pwoteje bò vajen an.

3. Pandan pwent kriyopwòb kole nan mitan kòl matris la, verifye ankò tach blanch lan pa plis ke 2 milimèt pi lwen pase pwent kriyopwòb la.
4. Mete yon kwonomèt kontwole 3 minit. Kite gaz ki fè frèt la koule, epi kite pwent kriyopwòb la kole ak kòl matris la. Apre anviwon yon minit, glas pral kòmanse fòme sou pwent kriyopwòb la epi sou kòl matris la. Pati ki jele a ap vin blanch.
5. Apre 3 minit, kanpe gaz la. W ap wè zòn ki jele a rive 4 a 5 milimèt pi lwen pase pwent kriyopwòb la.
6. Pa retire kriyopwòb la tousuit. Tann kòl matris la fin fonn ase pou pwent kriyopwòb la tonbe soti sou kòl matris la poukонт li. Si w retire kriyopwòb la anvan kòl matris la fonn, 1 ap chire chè ki kole ak pwent kriyopwòb la. Apre kriyopwòb la tonbe soti sou kòl matris la poukонт li, woule 1 dousman pou w retire l.
7. Kite espekilòm nan nan plas li epi kite kòl matris la fonn pandan 5 minit oswa jiskaske li tounen koulè woz ankò.
8. Apre li fin fonn, mete kriyopwòb la ankò epi mete pwent kriyopwòb la nan mitan kòl matris la. Mete yon kwonomèt kontwole 3 minit, epi kòmanse gaz la koule pou w ka jele kòl matris la yon dezyèm fwa.
9. Apre dezyèm fwa w jele kòl matris la, kanpe gaz la. Kite kòl matris la fonn ankò jiskaske pwent kriyopwòb la tonbe poukонт li, apre sa w ka retire l. Woule 1 dousman sou kòl matris la pou w ka retire l. Kote ki jele a ap blanch, apre sa l ap vin woz ankò pandan l fonn.
10. Retire espekilòm nan epi lave l e esterilize l ansanm ak kriyopwòb la. (Gade paj 59 a 67.)

Tach blanch sou kòl matris la apre tès vinèg la



Zòn pwent kriyopwòb la ap kouvari



Apre kriyoterapi, yon fi dwe evite fè sèks, ni li dwe evite mete kèlkeswa bagay anndan vajen l pandan 4 semèn. (Lè l gen règ li oswa si vajen l gen ekoulman, se pou l itilize moso twal pwòp olye de tanpon.) Konsa l ap ka evite enfeksyon. Si l pa ka rete san l pa fè sèks, konseye l pou l itilize yon kapòt.

Li ka gen ti lakranp tankou lè l gen règ li. Li ka gen ekoulman dlo ki soti nan vajen l jiska yon mwa apre. Asire l bagay sa yo nòmal e yo pa danjere.

Apre l an fi a dwe fè yon lòt tès vinèg pou asire kriyoterapi a te mache. Si tès vinèg la toujou montre tach blanch sou kòl matris la, li ka fè kriyoterapi ankò.




**ATANSYON!** Li trè difisil pou kriyoterapi bay yon fi lòt pwoblèm, men si yon fi gen nenpòt nan siy sa yo, se pou l chèche asistans medikal:

- Fyèv (tanperati li pi wo pase  $38^{\circ}\text{C}$  /  $101^{\circ}\text{F}$ ) pandan plis pase 2 jou.
- Gwo doulè anba vant lan oswa gwo lakranp pandan plis pase 2 jou.
- Gwo pèt san k ap soti nan vajen an pandan plis pase 2 jou.
- Yon ekoulman ki gen move sant k ap soti nan vajen an.


## EGZAMEN 2 MEN AN

Touche matris la ak 2 men w pou w chèche enfeksyon ak moso chè anplis k ap pouse sou li, oswa pou konnen depi konbyen tan fi a ansent. Pou w ka manyen matris la, w ap bezwen:

Gan plastik ki byen pwòp  
oswa ki esterilize



Yon librifyan ki fèt avèk dlo,  
tankou "K-Y Jelly", oswa dlo  
pwòp (pa itilize luil oswa  
vazlin)




Mande fi a pou 1 pipi anvan w  
kòmanse.

1. Fè fi a kouche sou do avèk yon zòrye anba tèt li. Pandan w ap fè egzamen an, esplike l tout sa w ap fè anvan w fè l la, fè l sonje pou 1 rilaks, epi kanpe egzamen an si li fè l mal.



2. Lè fi a pare, mete gan yo avèk enpe librifyan sou 2 premye dwèt  
ki nan men dwat ou (oswa nan men goch si w goche).



Mande fi a pou 1 rale yon gwo souf pou 1 ka rilaks. Ouvri lèv vajen 1 avèk dousè avèk men goch w. Vire pla men dwat ou sou anwo, epi antre 2 dwèt ki gen librifyan an byen fon anndan vajen an.

3. Touche kòl matris la avèk dwèt ou.

Kòl matris la dwe fèm, tou won, epi lis. Nòmalman, li di menm jan ak pwent nen yon moun. Nan dènye mwa anvan akouchman yo li vin pi mou tankou po bouch. Pafwa nan fen gwochè la, kòl matris la ouvri yon tikras. Si fi a te fè yon foskouch oswa yon avòtman, ou ka jwenn kòl matris la tou ouvri.

Kòl matris la ka difisil pou w jwenn. Si w pa ka jwenn li, mande fi a pou 1 touse oswa pou 1 pouse pa anba tankou lè 1 ap pou pou jiskaske dwèt ou ka touche kòl matris la. Li ka bon tou pou fi a kouche pi plat.

Fè atansyon pou w pa touche klitoris fi a, ki sansib anpil, ni twou dèyè l, ki gen mikwòb sou li. Li fasil pou pou s w touche klitoris la pa aksidan, donk kenbe l sou yon bò.

**4. Verifye si fi a santi doulè nan kòl matris la.**

Mete youn nan chak dwèt ou yo sou yon bò kòl matris la epi deplase l agoch adwat. Fi a ka santi sa dwòl, men l pa dwe fè l mal. Si sa fè l mal, li ka gen yon enfeksyon nan matris (gade paj 325) oswa yon gwosès nan twonp (gade paj 113). Toude se bagay ki danjere. Si w santi kòl matris la mòl epi li deplase fasil, fi a gendwa ansent.

**5. Mete men goch ou sou vant fi a, anba lonbrik li, epi anwo plim ki sou pati jenital li.**


Se konsa w t ap wè  
yon egzamen 2 men  
si w te ka wè  
anndan kò fi a.



**6. Touche matris la.**


Mete 2 dwèt ki nan vajen an anba kòl matris la. Soulve kòl matris la ak tout matris la avèk 2 dwèt sa yo. Anmenmtan, peze anba vant fi a desann avèk men goch ou. Eseye touche matris la ant men w ak 2 dwèt ou yo. Si w santi kòl matris la bouje, w ap konnen se matris la ou peze. Si w pa rive touche matris la tousuit, eseye avanse men w diferan kote sou vant lan, epi peze plizyè kote.

Sa mande pratik pou w rive touche matris la. Li pi difisil toujou pou rive touche matris li si l gen gwo mis nan vant li oswa si l gen anpil grès.



## 7. Touche matris la pou w wè fòm li ak gwosè l.

Nòmalman matris la di, li lis, epi l pi piti pase yon zoranj (apeprè 6 a 10 santimèt). Lè fi a ansent, matris la gwosi.



Pou w wè ki jan pou w mezire matris la apre 12 semèn, gade paj 130.



Ou ka santi kèk boul nan matris la oswa lòt chè k ap pouse. Gen boul ki pa danjere, men yo ka bay doulè, yo ka lakòz anpil san lè règ li, oswa yo ka bay san lè pa gen règ. Boul sa yo rele fibwòm. Gen lòt boul ki gendwa se kansè nan matris. Ou pa ka konnen si boul yo pa danjere anvan fi a fè plis egzamen. Si w santi boul nan matris la, chèche asistans medikal.

## 8. Touche ovè yo.

Li ka difisil anpil pou w jwenn epi touche ovè yo. Sa mande anpil pratik.

Mete toude dwèt ki anndan vajen an sou yon bò kòl matris la epi soulve ovè a. Deplase men ki deyò a sou menm bò a epi kite yo glise desann sou vant li. Lè w peze fò, ou ka santi ovè a k ap deplase anba dwèt ou.

Ou oblige peze fò avèk men ki deyò a,  
donk, mande fi a pou l pran yon gwo souf  
epi pou l lage souf la anvan w santi ovè a  
anba men w. Sispenn peze si l fè l mal!



Apre w fin verifye yon bò, deplase men w  
pou w verifye lòt ovè a.

Si w santi yon bagay ki pi gwo ke 3 santimèt longè ak 2 santimèt lajè, oswa si  
egzamen sa fè l mal anpil, li gendwa gen yon bagay k ap pouse sou ovè li, oswa li ka  
gen yon gwo sè nan twonp (gade paj 113). Chèche asistans medikal.

**Note sa:** Li nòmal pou ovè yon fi vin pi gwo e pi piti chak mwa. Si w pa  
konnen poukisa ovè a pi gwo, verifye l ankò nan 6 semèn. Li ka gentan pi  
piti.

## 9. Retire dwèt ou yo nan vajen l. Kenbe lèv vajen l ouvri epi mande l pou l touse oswa pou l pouse anba tankou lè l ap poupou. Gade vajen l pou wè si pa gen yon bagay gonfle ki parèt. Si genyen, kapab se matris fi a ki tonbe oubyen vesi l ki tonbe, oswa ka gen yon pati nan entesten l k ap gonfle nan vajen l. Chèche konsèy medikal.

Apre egzamen 2 men an, bay fi a yon twal  
oswa yon papye ki pwòp pou l siye pwomad la.  
Esplike l li ka bay enpe likid (pwomad la)  
oubyen yon ti san apre egzamen an.

Di fi a sa w jwenn pandan egzamen basen an.  
Asire w ou reponn nenpòt kesyon li genyen.

